



PEMERINTAH KABUPATEN JOMBANG
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
SEKOLAH DASAR NEGERI KALIWUNGU 1

Jl. Cak Durasim No. 13 Jombang Kode Pos 61419
Email : sdnkaliwungu1jbg@gmail.com No Telp. (0321) 866768

**SUMATIF TENGAH SEMESTER GANJIL
TAHUN PELAJARAN 2024/2025**

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa Nama/ No :
Kelas / Semester : VI / 1 Waktu :
Hari/ Tanggal : Nilai :

Pilihlah jawaban dengan tepat!

Semaken crita rakyat ngisor iki, minangka pancadan nggarap soal nomor 1-4!

Tembalang kuwi jenenge desa ing tlatah kuta Semarang. Kacarita ing sawijining dina Pangeran Pandhan Arang didherekake para santri njajah desa milangkori. Anggone tindak munggah mudhun pareden. Ing kono ana kampung sing durung akeh pendhudhuke ana sumber banyu utawa tuk cacah sanga kang nganeh-anehi. Banyune mundhak dina mundhak gedhe metune. Saya suwe kahanane ndrawasi. Wong kampung padha was sumelang, kuwatir kampunge keleben banyu. Para warga padha ngupaya nambal tuk mau. Nanging saben ditambah, ora let suwe tambalane ilang. Banyune mili maneh saya gedhe. Mangkono sateruse nganti wong sekampung padha bingung. Nalika wong-wong kampung padha judheg, Pangeran Pandhan Arang banjur age-age lungguh sila nyenyuwun marang ngarsane Gusti Kang Murbeng Dumadi. Ora let suwe tuk-tuk mau padha mampet. Mung kari siji sing isih milil. Pangeran Pandhan Arang ngendika manawa tuk siji sing isih mili kuwi kanggo kabutuhane wong sekampung. Pangeran Pandhan Arang uga pesen, yen kampung kono kuwi kudu dijenengei Tembalang, sing tegese tambalane ilang

- Kang dadi undheraning crita ing dhuwur yaiku ...
 - sumber banyu utawa tuk
 - lakune Pandhan Arang
 - nambal tuk
 - rasa was sumelang para warga
- Latar panggonan kedadeane prakara ana ing ...
 - pareden
 - alas
 - desa Tembalang
 - kutha Semarang
- Sipat utawa watake paraga Pangeran Pandhan Arang ing crita dhuwur yaiku ...
 - jujur
 - sekti
 - sabar
 - narima
- Saka wacan crita rakyat ing dhuwur bisa kapethik pesen
 - manungsa mung sadrema nglakoni
 - manungsa nampa apa kang diparingake saka Gusti Kang Maha Agung
 - sakabehing lelakon dipasrahake marang sing Kuwasa
 - manungsa bisa mbudidaya, sing Kuwasa sing nemtokake

5. Bahan pokok kanggo gawe tempe yaiku
- dhele
 - terong
 - gandum
 - minyak
6. Tempe kui panganan murah nanging akih ngandhut protein, yaiku protein
- hewani
 - nabati
 - enzim
 - antibodi
7. Gatekna jinis crita ing ngisor iki!
- (1) artikel
 - (2) crita warta
 - (3) makalah ilmiah
 - (4) crita cekak
- Kang kalebu jinis crita nonsastra yaiku
- (2), (3) lan (4)
 - (1), (3) lan (4)
 - (1), (2) lan (4)
 - (1), (2) lan (3)
8. Teks nonsastra uga bisa diarani....
- karya ilmiah
 - crita novel
 - crita cekak
 - crita reiptan
9. Titikane teks prosedur saka isine, *kajaba*....
- pituduh trap-trapane kang kudu dilakokake
 - isine paugeran utawa watesan ing piranti sing arep dilakokake
 - isine kagiatan dilakokake kanthi urutan
 - isine pituduh sing ora kudu urutan
10. Informasi kang anyar lan bener uga diwartakake ing media cetak lan elektronik yaiku....
- teks eksposisi
 - pawarta
 - artikel
 - makalah
11. Tibane swara vokal ing pungkasan gatra diarani
- guru gatra
 - guru lagu
 - guru sastra
 - guru wilangan
12. Sagung para rawuh sadaya,
Mugi pinayungan nugraha yekti,
Asih tresna Allah satuhu,
Tansaha kasasira,
Puja puji syukur saha sembah sujud,
Konjuk ing ngarsa paduka,
Gusti Allah Maha Suci.
tembang macapat ing dhuwur iku guru gatrane ana ... larik
- 6
 - 5
 - 8
 - 7
13. Tembang sing dudu tembang macapat yaiku
- asmaradana
 - megatruh
 - cublak-cublak suweng
 - kinanthi
14. Pak Budi maos koran wonten kantor. maos basa ngokone
- nulis
 - ndelok
 - tuku
 - maca

15. Sekar gambuh ping catur,
Kang cinatur polah kang kalantur,
Tanpa tutur katula-tula katali,
Kadaluwarsa kapatuh,
Kapatuh pan dadi awon
Guru wilangan ing tembang macapat ing dhuwur yaiku
- | | |
|--------------------|---------------------|
| a. 7, 9, 10, 7, 8 | c. 7, 7, 8, 8, 9, 9 |
| b. 7, 10, 12, 8, 8 | d. 8, 10, 12, 7, 7 |
16. Bapak pucung renteng-renteng kaya kalung, Dawa kaya ula, Pencokanmu wesi miring, Yen lumaku si pucung ngumbar swara. Tembang pocung ing dhuwur batangane
- | | |
|-----------|----------|
| a. sepur | c. ula |
| b. kalung | d. sabuk |
17. Pitik tukang lan padhang bulan kalebu tembang
- | | |
|--------------|------------|
| a. keroncong | c. pop |
| b. dolanan | d. macapat |
18. Cacahe gatra saben sapada ing tembung macapat diarani
- | | |
|------------------|----------------|
| a. guru gatra | c. guru sastra |
| b. guru wilangan | d. guru lagu |
19. Cacahe wanda (suku kata) saben sagatra ing tembang macapat diarani
- | | |
|----------------|------------------|
| a. guru lagu | c. guru gatra |
| b. guru sastra | d. guru wilangan |

Wacanen teks ing ngisor iki kanggo pancadan nggarap soal nomer 20-23!

Dolan Menyang Taman Maerakaca

Nalika preinan, Bawa, Asti, Puji, lan bapak ibune piknik. Bawa sakulawarga padha piknik menyang Taman Maerakaca. Bawa topan, nyangklong tustel ing pundhake, lan nganggo tas pinggang. Wah, kaya wartawan cilik.

"Mas, aku difoto," panjaluke Asti adhine.

Asti lan Puji padha rangkulan difoto dening Bawa. Bapak ibune mung ngawasi solah tingkahe putrane. Jeprat-jepret, pindhah kana pindhah kene. Sakulawarga padha eksen. Bawa dadi juru potret kaya fotografer.

20. Manut isine wacan topik kang cocok yaitu :
- | | |
|---------------|--------------|
| a. kesenangan | c. kabudayan |
| b. pariwisata | d. prastawa |
21. Sipate paraga Asti lan Puji ana ing wacan ing dhuwur yaiku ...
- | | |
|-----------|-----------|
| a. aleman | c. rukun |
| b. blater | d. kemayu |
22. Manut sandhang panggonane, Bawa iku kaya wartawan clik.
- Tegese tembung sing digaris ngisore ana ing ukara kasebut yaiku
- | | |
|-----------------------------------|--------------------|
| a. tukang golek warta utawa kabar | c. tukang foto |
| b. tukang golek gambar | d. tukang nggambar |

23. Amanat utawa pesen kang bisa kapethik saka wacan ing dhuwur yaiku ...
- sing sapa seneng piknik bakale mundhak akeh kanca
 - manungsa iku perlu ngaso kanggo ngleremke pikir, mula padha seneng-senenga.
 - wisata kulawarga iku bisa gawe pikiran dadi padhang, kulawarga katon rukun,
 - kabeh wong iku butuh papan kanggo gawe seneng ati, mulane yen preinan padha dolan.
24. Ing ngisor iki bab-bab sing kudu digatekake anggane maca geguritan, kajaba
- kudu apal isine geguritan
 - kudu nggatekake pocapan lan wiramane
 - bisa maragakake kanthi mimik lan ekspresi sing trep
 - mangerteni isi lan karepe geguritan kasebut, banjur dirasakake
25. Endahing geguritan dumunung ing bab-bab kaya kang kasebut ing ngisor iki, kajaba
- nggunakake wirama utawa lagune
 - busanane basa kang maneka warna
 - pilihane tetembungan sing mentes, trep, lan mantesi
 - tanpa nggunakake busanane basa kang maneka warna
26. Ukara ngisor iki minangka perangane layang bagean panutup kanggo wong sing luwih tuwa sing paling bener yaiku ...
- Dakkira cukup semene dhisik, menawa ana clathuku kang ora beber sing gedhe pangapurane
 - Kulo kinten cekap semanten rumiyin, menawi wonten luputku aku nyuwun pangapura.
 - Dakkira cukup semene dhisik liya wektu disambung maneh.
 - Wasana cekap semanten rumiyin, Eyang, mbenjing menawi wonten wekdal keng wayah sowan.
27. Ibu nembe ngendhikan kalia Mas Fery sing ana kutha Pasuruan kanthi sarana
- telepon
 - radio
 - televisi
 - bis
28. Pawarta iku kudu ngandharake kedadeyan kang....
- khayal
 - nyata
 - angen-angen
 - luput
29. Bu Guru ngendika, "yen salah sijine ekosistem rusak, lingkungane ya rusak".
Tuladha lingkungan kang rusak yaiku....
- kali kang resik
 - ora ana uwuh ing segara
 - alas kobong
 - wit-witan kanng ijo royo-royo
30. Prahara sing biasane dumadi nalika wayah rendheng yaiku....
- alas kobong
 - lindhu
 - banjir
 - gunung mbledhos
31. Piranti kanggo ngiringi wong nembang yaiku....
- gamelan
 - meja
 - galon
 - bangku
32. Ing ngisor iki kang ora kalebu jinis karya sastra Jawa yaiku....
- cerkak
 - geguritan
 - dongeng
 - sesorah

33. Pitik walik saba meja, batangane....
- | | |
|-----------|----------|
| a. nanas | c. sulak |
| b. nangka | d. sapu |
34. Bocah cilik nggendong omah. Badhekane....
- | | |
|------------|---------|
| a. keong | c. iwak |
| b. kinjeng | d. sapi |
35. Kupat dikum santen
Kula lepat
- | | |
|-----------------------|-----------------------|
| a. cekap semanten | c. ngaturaken sungkem |
| b. paring pangapunten | d. nyuwun pangapunten |
36. Pak Budiman anggone nyambut gawe olah tetanen pancen sregep. Sawahe ditanduri pari, kalamangsane ditanduri lombok, kacang, lan sapanunggalane. Kebone ora di umbar nganggur, ananging ditanduri sawenehing wit-witan, kayata pelem, rambutan, nangka, gedhang, lan liya-liyane. Pak Budiman uga gawe rak-rakan saka pring kanggo nandur sayur-sayuran kaya dene lombok, tomat, terong, lan bayem. Mula sanadyan papan pekarangane Pak Budiman mung ciyut bisa ngasilake. Kejaba dienggo janganan padinan, uga bisa kanggo dodolan menyang pasar. Lakone ana ing cerita kasebut nduweni watak
- | | |
|------------|-----------|
| a. ngangsa | c. gemi |
| b. ndregil | d. sregep |
37. Jaman saiki bocah-bocah wis akeh sing ora bisa basa krama marang wong tuwa. Kepara olehe ngenganggo sandhangan uga wis niru wong kutha. Mangkono mau padha ora krasa yen dheweke arep kelangan budaya. Carane wong sesrawungan niru-niru wong manca. Mula wong Jawa kudu bisa njaga bangsane kanthi ngetrapake unggah-ungguh lan tata trampilane wong Jawa. Isining crita kasebut yaiku
- | | |
|-----------------------------|-------------------------|
| a. njaga bangsane wong Jawa | c. ilange unggah-ungguh |
| b. lali marang basa Jawa | d. ora bisa basa krama |
38. Ing wasana, cekap semanten atur kula. Wonten kirangipun nyuwun pangapunten!
Ukara kasebut diucapake ing sesorah nalikane
- | | |
|-------------------|--------------------|
| a. miwiti sesorah | c. wigatining atur |
| b. panutup | d. atur panyuwun |
39. Tembang Dhandanggula nggambarake uripe wong kang lagi....
- | | |
|---------|-------------|
| a. lair | c. seneng |
| b. mati | d. prihatin |
40. Wewaton kang ora ana ing tembang macapat yaiku wewaton guru....
- | | |
|----------|-------------|
| a. gatra | c. wilangan |
| b. basa | d. lagu |

*****Selamat Mengerjakan*****